



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENVESTISMAN \$20.2 MILYON NAN NOUVO
APATMAN KI A PRI ABÒDAB YO NAN AUBURN**

***Pwojè a Pral Konvèti Ansyen West Middle School (Lekòl Segondè Lwès) la Pou
Vin Tounen 59 Apatman pou Nouyòkè Ki Gen Revni Fèb yo***

***Investisman Lokal yo Konplemante pwojè “Central NY Rising” - Ki se yon Plan
Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) ki
Reyisi, pou Devlope Ekonomik an epi Kreye Nouvel Opòtinite***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon pwojè \$20.2 milyon pou kapab konvèti West Middle School ki vakan ki nan 217 Genesee Street ki nan Auburn pou vin tounen 59 apatman ki a pri abòdab pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo. Nan 59 kay yo, 20 pral seleksyone pou granmoun ki solitè yo ki gen andikap sikyatrik yo ki ap resevwa sèvis ki soti nan Biwo Sante Mantal nan Eta New York (New York State Office of Mental Health).

“Pwojè sa pral bay kay ki sekirize epi ki a pri abòdab yo pou abitan Auburn ki vilnerab ki gen revni fèb yo, menm jan ak yon opòtinite pou moun ki gen bezwen espesyal yo pou kapab viv endepandaman,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pèsòn pa ta dwe rete san yon twati sou tèt yo epi pwojè sa pral pote nou yon pa pi pre pou kapab asire ke chak Nouyòkè gen opòtinite pou genyen yon kote ki sekirize, desan epi ki a pri abòdab pou yo rele lakay yo.”

Reyitilizasyon adaptatif batiman lekòl la, ki te fèmen depi an 2012, pou vin tounen West Middle School Apartments, li pral transfòme li pou vin tounen yon batiman rezidansyèl ki gen twa etaj ki se yon atou dinamik, ki ap jenere revni pou kominote Auburn la. Oditoryòm ansyen lekòl la pral rete entak epi disponib pou piblik la pou aktivite yo.

James S. Rubin, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote nan Eta New York (NYS Homes and Community Renewal), te deklare, “Kominote Auburn la anglobe opòtinite pou transfòme batiman sa pou itilizasyon, sèvi byen piblik lan epi jwenn revni enpo yo an menm tan. Sa se definisyon yon pwojè ‘gayan-gayan’. Gras a patnè nou yo ki nan gouvènman an, devlopman, san bi likratif, ak sektè finansye yo, nouvo West

Middle School Apartments lan pral vin tounen kay pou dè santèn Nouyòkè pandan dè jenerasyon. Devlopman sa se yon pati enpòtan nan eritaj lojman enpresyonan ki a pri abòdab Gouvènè Cuomo a, epi li konpleman angajman li pou wè rejyon an devlope epi fleri atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a.”

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health), “Biwo Sante Mantal la angaje nan bay pwogram ki baze sou kominote yo ki pral bay moun yo yon opòtinite pou kapab aprann aptitud ke yo bezwen pou yo pwospere poukont yo. Pwojè lojman sipò yo tankou sa a bay moun ki gen andikap sikyatrik yo pi plis ke yon twati sou tèt yo. Li ba yo espwa ak zouti ke yo bezwen pou kapab reyisi.”

John B. Rhodes, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif, NYSERDA (New York State Energy Research and Development Authority) te deklare, “Pwojè lojman sa ki a pri abòdab se yon lòt ekzanp de yon pi laj konsantrasyon atravè tout eta sou Gouvènè Cuomo pou kapab asire ke tout Nouyòkè yo, san kenbe an kont revni yo, kapab jwenn aksè a lojman ki pa konsome anpil enèji epi ki konfòtab. Nou kontan poutèt nou se yon patnè pou yon pwojè ki vo lapèn konsa ki pral bay avantaj konsiderab yo pou kominote Auburn lan.”

Tout apatman yo pral sèvi kòm opsyon ki a pri abòdab yo pou fanmi ak moun ki a revni fèb yo. Abitan ki nan lojman sipò yo pral resevwa sèvis sou plas nan men Unity House nan Konte Cayuga, ki se yon òganizasyon san bi likratif ki fonde an 1977 ki konsevwa pou anrichi lavi moun yo ki gen andikap.

Renovasyon yo pral reponn a estanda Nouvèl Konstwiksyon Rezidansyèl Ki Ba (Low-Rise Residential New Construction standards) NYSERDA yo menm jan ak Kritè Kominote Vèt Antrepriz yo (Enterprise Green Communities Criteria). Pral genyen espas pakin ki pa nan lari ki konsevwa pou lokatè yo menm jan ak yon seri espas pakin ki konsevwa pou manm estaf ak kliyan Unity House yo. Batiman an lokalize nan yon vwazinaj rezidansyèl ki nan yon distans apye de koridò komèsyal prensipal nan vil la, epi genyen yon parad bis Otorite Transpò Rejyonal New York Santral (Central New York Regional Transportation Authority) ki sitiye a mwatye yon blòk ki pi lwen.

Devlopman West Middle School Apartments \$20.2 milyon an te finanse atravè yon konbinezon lyezon ekzan enpo yo, Fon Kredi Enpo Lojman Revni Fèb yo ak Konfyans Lojman, Opòtinite Lojman Sipò ki sibvansyone apati Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal); finansman kapital yo ak sèvis dèt yo atravè Biwo Sante Mantal; Kredi Enpo Istorik Eta ak Federal anyèl yo; finansman ankourajman Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji nan Eta New York yo; ak ekite devlopè. Sendikatè obligasyon an te Raymond James Tax Credit Funds, Inc. ak NBT Bank te bay Lèt Enpo a.

Charles E. Schumer, ki se Senatè Etazini, te deklare, “Genyen yon twati sou tèt ou sa se yonn nan nesosite bazik nan lavi, epi investisman federal \$20 milyon konsiderab sa nan lojman ki a pri abòdab ki pral ede fè sa reyalize pou anpil fanmi ak granmoun aje ki an danje yo nan zòn Auburn. Renouvèlman ak achèvman 59 kay sa yo pral bay yon

kote ki pwòp epi ki a pri abòdab pou viv pou fanmi, moun ki gen andikap ak granmoun aje ki an danje yo. Eleman kle pou fòs ekonomik ak kwasans pèmanan New York lan li lye dirèkteman ak konstwiksyon kominote ki pi djanm yo nan vil tankou Auburn, ak pi lwen.”

John Katko, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Envestisman sa pral bay lojman pou sila yo ki bezwen li pi plis nan kominote nou an, epi asire ke moun sa yo kapab viv yon fason abòdab, endepandaman, epi an sekirite.”

John DeFrancisco, ki se Senatè Eta, te deklare, “Devlopman West Middle School Apartments lan li pral transfòme yon batiman ki te vakan pandan plizyè ane pou vin tounen lojman ki a pri abòdab ke yo bezwen anpil. Sa se yon viktwa pou abitan yo ak tout kominote Auburn okonplè.”

Sue Kimmel, ki se Prezidan konstwiksyon ak jesyon Two Plus Four, te deklare, “Prezèvasyon lekòl sa se yon enkyetid pou vil Auburn. Anpil abitan yo te tris pou wè lekòl la fèmen epi yo te enkyè poutèt yon bagay òrib ki ap devlope devan pòt lakay yo. Ak devouman Gouvènè Cuomo pou pote lojman desan sekirize ki a pri abòdab pou sila yo ki pi an nesosite, patenarya piblik-prive sa te travay ansanm pou non sèlman bay lojman men tou anpeche yon estrikti istorik ki ap tonbe nan debandad. Pwojè sa se yon pwojè gayan-gayan pou tout moun ki enplike yo... Vil Auburn te kapab retounen mete batiman an sou woulo enpo yo, distrik lekòl la te kapab vann yon batiman ke yo pa bezwen ankò, epi yo te prezève batiman an ak itilizasyon Kredi Enpo Istorik yo.”

Elizabeth Smith, ki se Direktris Egzekitif Unity House, te deklare, “Sa se yon opòtinite mèveye pou alafwa Unity House ak Konte Cayuga. Ansyen West Middle School lan te rete vid epi li te bay opòtinite pou nou kapab angaje ak kominote a nan pran atou aktyèl sa epi fè li vin tounen yon lojman ki a pri abòdab. Sa se yon travay Two Plus Four ki ekstraòdinè, epi li aliye dirèkteman ak misyon Unity House. Nesosite pou lojman li imans nan New York santral, epi pwojè sa sanble ak yon bon bagay pou tout moun.”

Konpayi konstwiksyon ak jesyon Two Plus Four yo ansanm ak filyal li yo, ki enkli Lakewood Development, gen yon istwa long nan devlopman ak jesyon lojman ki a pri abòdab yo nan Eta New York, epi yo gen eksperyans entansif nan konvèti lekòl yo pou itilizasyon rezidansyèl. Yon antrepriz biznis ki se pwopriyete fanm a 100 pousan depi an 2003, Lakewood Development te konstwi yon total 546 kay ki a pri abòdab yo. Sila yo ki finansè pa Renouvèlman Kominote ak Kay yo te bay kredi enpo genyen ladan yo: Watkins Glen Senior Apartments, Cobblers Square, Sherwood Landing, Highland Pointe, ak Cardinal Cove. Depi 1977, antrepriz la te reyisi jere plis pase 2,885 kay lojman ki a pri abòdab yo ki nan zòn Syracuse lan.

Abitan lojman sipò yo pral resevwa sèvis sou plas ki soti nan Unity House nan Konte Cayuga. Unity House, ki se yon òganizasyon san bi likratif ki te fonde an 1977, li ap sèvi 700 konsomatè chak jou nan Konte Cayuga, Tompkins, Wayne, Onondaga, Seneca, ak Ontario. Manm estaf yo bay sèvis jesyon dosye yo bay moun ki gen maladi mantal ki

pèsistan yo ki gen ladan pou fè bidjè depans pa mwa yo, lyezon ak sipò kominotè yo, ak aksè a sèvis oksilyè yo. Sèvis sipò ke yo ofri yo pral varye depandamman de nesesite ak volonte abitan yo. Unity House pral deplase biwo yo nan batiman an. Sèvis piblik Unity House yo pral separe de espas rezidansyèl lan epi se pral responsablite Unity House.

Akselere *Central New York Rising*

Devlopman West Middle School Apartments lan li konplemante pwojè “Central NY Rising”, ki se plan konpreyansif rejyon an pou kapab jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi prèske \$3 milya nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm yon destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, pwogram “Central NY Rising” ap vanse devan ak yon investisman \$500 milyon Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman \$500 milyon Eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase \$2.5 milya – epi plan rejyon an, jan li soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 5,900 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418